



NEW YORK CITY DEPARTMENT OF CORRECTION

Inite Konsèy ak Sèvis Sosyal

Yon Konseye Koreksyonèl Asosye, oswa yon “Konseye Sèvis Sosyal,” toujou nonmen pou chak inite lojman. Selon nan ki kalite inite lojman ou ye a, konseye ou a ka vin vizite inite a ant yon (1) fwa rive senk (5) fwa pa semèn, epi chak vizit ka dire anviwon yon èdtan. Yo bay anpil sèvis sosyal epi yo ka reponn kesyon ou genyen sou pwogram ki disponib nan inite kote ou ye a. Selon inite ou a, ou kapab travay tou ak konseye ou pandan pwogram gwoup yo, kote yo ka pale sou sijè tankou jesyon kòlè, konpetans pou lavi, ak lòt sijè ki ede moun prepare lavi yo pi byen.

Paj kap vini yo pral gen kèk repons kout pou kesyon moun poze pi souvan. Repons sa yo ap bay egzanp fason Konseye Sèvis Sosyal ou a ka ede ou pandan tan ou nan detansyon.

KESYON YO POZE SOUVAN

BYEN PÈSONÈL

Ou bezwen voye lajan lakay ou?

Konseye w la ka ba w fòm pou w voye lajan soti nan kont komisarya prizon w la bay yon manm fanmi oswa yon zanmi nan kominote a. Ou ka fè yo rekipere chèk la nan “Rikers Cashier,” oswa ou ka fè yo voye li pa lapòs si ou bay anvlop ak timb.

Bezwen voye efè pèsonèl ou lakay?

Konseye ou a ka ba ou fòmilè pou remèt efè pèsonèl ou genyen nan DOC bay fanmi oswa zanmi nan kominote a. Gen yon opsyon pou al pran efè pèsonèl yo nan Perry Building oswa pou voye efè pèsonèl yo pa lapòs. Si ou chwazi lapòs, ou bezwen gen lajan nan kont komisarya ou pou peye frè lapòs la.

Efè pèsonèl ou nan men NYPD?

Si efè pèsonèl ou nan men NYPD, ou bezwen yon fòm “NYPD property affidavit” ki pral bezwen notarye pa Law Library (Bibliyotèk Jiridik). Se responsablite pa ou pou voye fòm nan bay moun ou otorize pou rekipere efè pèsonèl la. Si ou pa konnen nimewo resi a, nou ka ba ou nimewo telefòn “NYPD Property Clerk.” (Sèvis responsab efè pèsonèl NYPD).

Bezwen yon ak de nesans?

Nou ede avèk ak de nesans NYC ki san frè. Si ou fèt andeyò NYC oswa nan yon lòt eta, nou ka ba ou aplikasyon an, men nou pa ka soumèt yon demann pou sètifika san frè. Pou aplikan NYC, konseye ou ap ba ou aplikasyon an ke ou pral bezwen ranpli epi fè notarye li nan Law Library a. Epi wap remèt li bay konseye ou.

Bezwen kat Sekirite Sosyal?

Kounye a, nou ka ba ou aplikasyon pou ranpli epi voye pa lapòs. Nou rekòmande pou w tann jiskaske ou soti pou w fè li, paske pwosesis la pi rapid, epi ou ka resevwa kat ou nan apeprè 5 jou apre ou vizite biwo Sekirite Sosyal la (Social Security Administration).

Bezwen yon lèt prèv ke ou te nan detansyon?

Yon konseye ka ba ou yon lèt verifikasyon pandan ou toujou nan detansyon. Apre yo lage ou, ou ka rele 311 pou plis enfòmasyon sou kijan pou jwenn yon lèt ofisyèl ak dat detansyon ou yo.

FANMI

Èske gen yon moun nan fanmi pwòch ou ki mouri dènyèman?

Si yon manm fanmi pwòch ou mouri pandan ou te nan detansyon, konseye ou ka ba ou fòm pou mande pèmisyon pou ale nan fineray la. Sèvis Sosyal pa apwouve demann sa yo; nou sèlman ede soumèt yo.

Èske yon manm fanmi pwòch ou nan kondisyon kritik?

Si yon manm fanmi pwòch ou vin nan kondisyon kritik pandan ou nan detansyon, konseye ou ka ba ou fòm pou mande pèmisyon pou ale vizite li bò kabann lan. Sèvis Sosyal pa apwouve demann sa yo; nou sèlman ede soumèt yo.

Ou vle marye?

Konseye ou ka ba ou fòm pou mande maryaj ak etap ki vin apre yo pou trete demann ou an. Fiyanse ou a bezwen pran randevou pou yon vizit vityèl ak City Clerk atravè “Project Cupid” pou jwenn lisans maryaj la. Lè ou fin jwenn lisans maryaj la, ou pral bezwen jwenn yon ofisyan ki va vini nan prizon kote yo mete ou a pou ofisyalize maryaj la.

Ou vle divòse?

Konseye a pa ka ede ak divòs, paske sa se yon pwoblèm legal sivil. Pou nenpòt lòt kesyon sou lalwa oswa kijan pou kòmanse pwosedi divòs, tanpri pale ak yon Kowòdonatè Legal nan Law Library a.

Èske ou gen yon ka Administrasyon Vil New York pou Sèvis pou Timoun (Administration for Children’s Services, ACS) k ap mache epi ou bezwen èd?

Si ou konnen ou gen yon dat nan tribinal fanmi k ap vini, tanpri rele travayè sosyal ACS ou a epi mande l pou kontakte tribinal la pou voye yon “order to produce” oswa yon “telephone order” bay Biwo Administratif prizon kote ou ye a. Lè nou resevwa “order to produce via telephone” lan, nou ka ede w nan biwo sèvis sosyal nou an.

Ou vle konnen plis sou vizit CHIPP ak pitit ou yo?

Si ou gen yon ka ACS k ap mache, yon konseye ka refere w nan pwogram CHIPP la epi ba ou yon feyè ki bay plis enfòmasyon sou pwogram nan. Vizit yo fèt jiska 2 fwa pa mwa, chak madi.

Ou gen lòt kesyon sou vizit ak pitit ou yo?

Si ou pa gen yon ka ACS k ap mache men ou gen enkyetid paske ou pa ka wè pitit ou yo pandan ou nan prizon, epi sa pa ka rezoud atravè kominikasyon ak fanmi oswa moun ou renmen yo, ou ka gen posiblite soumèt yon mosyon konsènan gad ak dwa vizit. Tanpri ale nan Law Library a pou aprann plis sou kijan pou soumèt yon mosyon bay tribinal yo.

SANTE

Èske ou pral soti (discharge) epi ou bezwen pale ak sèvis Medikal oswa Sante Mantal?

Planifikasyon sòti (discharge planning) atravè Sèvis Sante nan sant Koreksyonèl (Correctional Health Services, CHS) fèt nòmalman pi pre dat ou pral soti a, pou diskite sou plan sòti ou. Yon konseye oswa yon Ofisye nan inite ou a ka fè yon referans sante mantal si sa nesèsè.

Èske ou bezwen wè yon klinisyen sante mantal?

Si ou bezwen wè yon klinisyen sante mantal pou nenpòt rezon, yon konseye oswa Ofisye etaj ou a ka ede w ranpli yon referans sante mantal pou CHS wè ou.

PWOGRAM AK SÈVIS

Ou vle enskri nan yon pwogram isit la?

Yon konseye ka ba ou yon meni pwogram pou w revize ki pwogram ki disponib nan prizon kote ou ye a.

Ou vle chanje relijyon ou?

Yon konseye pa ka chanje relijyon ou. Ou bezwen pale ak yon Chaplen ki nan prizon kote ou ye a, oswa ou ka soumèt yon fòm plent (grievance) pou mande asistans.

Ou vle enskri nan lekòl?

Èske ou gen ant 18 ak 21 an? Si wi, yon konseye ap pran non ou epi voye li bay yon espesyalis edikasyon pou enskripsyon nan lekòl DOE a. Si ou gen plis pase 22 an, nou ka toujou refere w nan lekòl, men pa gen garanti ap gen yon klas disponib nan prizon kote ou ye a. Ou ka itilize tablèt ou pou materyèl edikatif.

Ou vle soumèt yon plent (Grievance)?

Gen fòm vid ki disponib nan inite lojman ou a ak nan Law Library. Kowòdonatè Plent yo vizite prizon an omwen de (2) fwa pa semèn pou ranmase ak distribye fòm yo. Lè ou fin ranpli fòm nan, ou ka remèt li dirèkteman bay Kowòdonatè Plent la oswa mete li nan bwat depo a (si opsyon sa a disponib). Anplis de sa, ou ka rele 311.

LEGAL

Èske ou bezwen asistans legal?

Ou ka kontakte avoka ou pou jwenn konsèy sou kesyon legal ou genyen. Ou ka ale tou nan Law Library si ou bezwen enfòmasyon oswa oryantasyon sou zafè legal.

Èske Legal Aid ap reprezante ou epi ou bezwen pale ak avoka ou?

Nan chak prizon, gen yon paralegal Legal Aid Society ki ka ede w pran kontak ak avoka ou. Nou ka ba ou nimewo liy dirèk Legal Aid Society pou kontakte ekip la: 212-577-3530

Èske ou vle yon kopi paj Webcrim ou a?

Konseye ou oswa yon Kowòdonatè Legal ka ede w jwenn yon kopi paj Webcrim ou a. Webcrim se yon sit piblik ki bay enfòmasyon sou ka kriminel ak dat tribinal k ap vini nan New York.

Èske ou ap mande sou estatèl ka Paròl ou a?

Selon sitiyasyon ou, yon konseye ka kontakte Paròl ak Sant Jidisyè Rikers Island (Rikers Island Judicial Center, RIJC) pou ou. Konseye ou ka ede w konnen pwochen dat tribinal Paròl ou oswa estatèl manda ou a.

Èske ou Pro-se (san avoka) epi ou bezwen èd ak ka ou a?

Nou dwe konfime estatèl Pro-se ou an premye. Lè sa konfime, Sèvis Sosyal ka ede w fè apèl telefòn selon yon orè ki dakò ant ou menm ak kòmandman an. Kowòdonatè Legal nan Law Library ka ede w ak lòt zafè oswa dokiman legal ou bezwen.

TELEFÒN

Èske ou gen yon apèl tribinal obligatwa k ap vini?

Konseye ou ede sèlman ak apèl tribinal ki bay lòd pa tribinal la, lè kòmandman an asiye yo. Tribinal la oswa avoka ou dwe voye “order to produce via telephone” bay Depatman an. Apre sa, prizon an ap asiye konseye ou a pou ede w.

Èske ou gen yon ko-akize nan detansyon epi ou vle pale avè l?

Konseye ou a ka ede w. Premye etap la se verifye si nimewo akizasyon (indictment) nou yo matche. Dezyèm etap la se jwenn apwobasyon tou de avoka yo pou pèmèt nou pale. Lè sa apwouve, konseye ou a ap travay ak kòmandman an pou jwenn apwobasyon etablisman an epi òganize yon vizit videyo.

Èske ou bezwen èd pou itilize telefòn paske ou soud oswa ou gen pwoblèm tande?

Nou ka ede w soumèt yon demann akomodasyon rezonab (Reasonable Accommodation, RA) pou gen aksè ak telefòn TTY ak/oswa machin Sèvis Relè Videyo (Video Relay Service, VRS). Lè estati RA ou konfime, ou ka itilize machin sa yo atravè Sèvis Sosyal oswa ofisye responsab sèvis la.

Èske gen yon lòt kalite apèl ou bezwen fè?

Nou pa ka ede w fè apèl pèsònèl nan biwo nou yo. Ou ka fè apèl sa yo nan inite lojman ou oswa sou tablèt ou. Si se yon lòt kalite apèl (pa egzanp, yon konsila entènasyonal) ki pa ka fèt nan inite lojman an, tanpri pale ak konseye ou a pou plis oryantasyon.

RETOUNEN NAN KOMINOTE A AK SÒTI (RE- ENTRY & DISCHARGE)

Èske ou ap mande enfòmasyon sou kosyon (bail)?

Yon Kapitèn ka ede w ak nenpòt demann kosyon pèsònèl. Yo pral ede w ale nan intake pou itilize yon kiosk pou soumèt kosyon lajan kach atravè kont komisarya ou oswa kat debi. Nou rekòmande pou w pale ak avoka ou oswa ale nan Law Library pou aprann plis sou bail bonds.

Èske ou pral soti byento epi ou vle enfòmasyon sou pwogram?

Nou ka ba ou bwochi Beyond the Bridge ak feyè Community Justice Network ki gen enfòmasyon sou pwogram kominotè yo. Yon konseye ka pran non ou ak nimewo dosye (book & case #) pou refere w bay yon founisè kominotè ki ka ede w ak plan tranzisyon an.

Èske ou bezwen lojman lè ou soti?

Nou ka voye non ou ak enfòmasyon ou bay yon founisè kominotè ki ka gide w sou resous lojman ki disponib atravè diferan ajans. Selon sitiasyon ou, yon planifikatè sòti sante mantal ka ede w tou ak demann lojman.

Èske ou enkyete sou koupe cheve w lè w ale upstate?

Ou ka ale nan Law Library pou jwenn fòm pou soumèt yon demann legal pou koupe cheve. Ou ap ranpli fòm nan, fè li notarye pa yon Kowòdonatè Legal nan Law Library a, voye li bay avoka ou, epi avoka ou ap soumèt demann legal la bay tribinal la. Sa dwe fèt anvan santans lan.

LÒT SIPO

Èske ou jis bezwen yon moun pou pale?

Konseye Koreksyonel oswa “Sèvis Sosyal” vizite chak inite lojman omwen yon (1) fwa pa semèn, epi jiska senk (5) fwa pa semèn. Tanpri pale ak yo lè yo nan inite a oswa mande pou pran yon randevou pou pwochen vizit la—sitou si ou bezwen sipò sou yon sijè espesifik. Yo ka prepare materyèl sou sijè a pou ou.

Èske ou ap chèche sipò LGBTQIA+?

Konseye ou ka ede w ak kèk referans oswa resous selon bezwen ou. Yo ka ba ou enfòmasyon tou sou fon kosyon LGBTQ+.

RESSOUS ANPLIS

Mande konseye ou pou:

MENI PWOGRAM

Deskripsyon pwogram ki disponib nan prizon kote ou ye a.

BEYOND THE BRIDGE BROCHURE

Apèsi sou founisè retou nan kominote a (re-entry).

CONNECTIONS BOOK

Liv konplè sou tout sèvis retou nan kominote a nan NYC.

VETERAN'S UNIT PAMPHLET

Èske ou se yon veteran? Konseye ou ka ba ou yon feyè ki eksplike

Inite Veteran an ak benefis ki disponib yo.

Yo ka refere w tou pou enskripsyon nan inite a.

GOING UPSTATE?

Nou ka ba ou enfòmasyon jeneral sou sa ou ka atann lè ou ale
upstate ak pwogram ki ka disponib pou ou.

Èske ou gen lòt kesyon ki pa jwenn repons isit la?

**Pale ak Konseye Sèvis
Sosyal ou lè yo vini vizite
inite lojman ou a.**

Si ou pa wè konseye ou epi ou gen yon kesyon,
rele liy dirèk nou an epi kite yon mesaj vokal ak
enfòmasyon ou yo: #1011